



Enfòmasyon Enpòtan sou Taks pou Imigran ak Rezidan Eta New York Nivo Angle yo Limite

Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) pran angajman pou apiye misyon Lòd Egzekitif Nimewo 26 sou lejislasyon pou Aksè nan Lang Gouvènè Cuomo te pase an 2011 la sou lejislasyon pou Aksè nan Lang. Pou reyalize sa, nou sèvi kontribyab ki fenk vini nan nasyon nou an, oswa sa angle yo pa fin kòdjòm kòdyòm yo, kote nou vori ofri sèvis entèpretasyon pou moun ki rele yo epi nou ofri tradiksyon plizyè dokiman enpòtan nan lòt lang.

Tradiksyon dokiman gid taks sou lavant pou nouvo vandè

Nan mwa fevriye 2017, Depatman Taks la te prezante dokiman gid taks sou lavant yo nan lang panyòl, kreyòl, chinwa tradisyonèl, ris, italyen, ak koreyen, pou fè li pou pi fasil pou lanse yon biznis nan Eta New York pou nouvo ameriken yo, oswa sa nivo angle yo limite yo.

Sitwèb Depatman Taks la

Pou konfòme ak lwa Aksè nan Lang nou an, nou gen plizyè paj sitwèb pou chak nan sis (6) lang yo, jiska 20 piblikasyon yo chak. Vizite www.tax.ny.gov (chèche: *language* (lang)) pou jwenn plis enfòmasyon.

Laprès ak medya sosyal

Depatman Taks tradwi chak nòt pou laprès ak mesaj nan medya sosyal yo an panyòl. Vizite www.tax.ny.gov (chèche: *press* (laprès)) pou jwenn plis enfòmasyon.

Sant Dapèl Konsolide

Depatman Taks la ofri sèvis entèprèt gratis pou moun ki rele yo pou ede yo aprann sou responsablite yo pou peye taks ak kredi sou taks ki disponib, oswa regle zafè taks yo. Kontribyab nivo angle yo limite ka rele 518-453-8137.

Èd gratis pou reklame taks

Opsyon Depatman Taks la pou depoze taks sou entènèt la se mwayen ki gen plis sekirite epi ki egzat pou deklare taks. Selon revni ou, gen posiblite pou w kalifye pou itilize lojisyèl preparasyon taks gratis la pou deklarasyon ni taks sou revni federal ou, ni taks sou revni eta ou. Ale sou sitwèb nou an nan www.tax.ny.gov pou jwenn aksè nan lojisyèl FreeFile la (chèche: *Free File*).

Kontribyab yo ka itilize youn nan sit Asistans Lib Fasilite (Facilitated Self Assistance, FSA) pou prepare ak deklare pwòp deklarasyon taks sou revni. Yo pa mwayen elektwonik gratis. Benevòl Depatman Taks yo gide kontribyab yo ak lojisyèl preparasyon taks ki disponib pou prepare ak depoze deklarasyon sou taks federal ak eta yo pa mwayen elektwonik gratis.

Benevòl sètifye IRS yo pral prepare deklarasyon taks federal ak eta pou kontribyab yo gratis, nan pwogram Benevòl Asistans ak Taks sou Revni, ak pwogram Konsèy Taks AARP pou Moun Aje yo.

Defansè Dwa Kontribyab

Si yon kontribyab pa te ka rezoud yon pwoblèm taks nan mwayen nòmal Depatman Taks la, Biwo Defansè Dwa Kontribyab la ka ede regle yon pwoblèm ki te la lontan, tankou ofri plan pou peye pa moso pou regle dèt taks. Biwo Defansè a bay sèvis entèprèt pou moun ki rele nivo angle yo limite.

Kredi nan taks sou revni (earned income tax credit, EITC)

Moun ki kalifye pou EITC yo ka ogmante ranbousman taks sou revni yo anpil. EITC a gen kredi nan men gouvènman federal la, Eta New York, ak Vil New York kòm yon avantaj pou moun k ap travay revni yo ba oswa mwayèn. Pou w ka kalifye, ou dwe satisfè sèten kondisyon epi depoze yon deklarasyon taks sou revni, menm si ou pa dwe okenn taks epi ou pa oblije depoze. Enfòmasyon EITC disponib nan lang panyòl, kreyòl, chinwa tradisyonèl, ris, italyen, ak koreyen sou sitwèb nou an www.tax.ny.gov (chèche: *EITC*).

Lè ou anboche yon moun ki prepare taks

Pifò moun ki prepare taks respekte lalwa epi yo trete kliyan yo jis, men gen nan yo ki pa fè sa. *Deklarasyon Dwa Konsènan Moun ki Prepare Taks* Depatman Taks la, ki disponib nan plizyè lang sou sitwèb nou an nan www.tax.ny.gov (chèche: *language* (lang)), gen enfòmasyon enpòtan sou fason pou w pwoteje tèt ou kont prensip taks ki pa jis. Ou ka pote plent yon fason anonim kont yon moun ki prepare taks dirèkteman ak Depatman Taks la nan 518-457-0578 oswa ak Depatman Afè Konsomatè Vil New York. Enfòmasyon an ap rete konfidansyèl. Depatman Taks la pran aktivite ilegal oserye epi li prapral egzaminen chak plent san pèdi tan, epi aji pou rezoud pwoblèm nan lè sa apwopriye.